



Pou Piblikasyon Imedya: 19/10/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE GWO PWOGRÈ POU RANFÒSE ENDISTRI SISTÈM AVYON SAN PILÒT NEW YORK LA

FAA Apwouve tout koridò dròn 80 km New York la pou operasyon UAS yo apre prèske 113 milyon dola investisman Eta a pou ranfòse ekosistèm UAS New York la

Administratè koridò dròn lan NUAIR garanti yon akò tou ak Vports ki baze nan Kebèk pou devlope Koridò Mobilite Ayeryen Avanse entènasyonal

Investisman Eta a konplemanje inisyativ "CNY Rising" lan – ki se estrateji global rejyon an pou revitalize kominote yo epi devlope ekonomi an

Imaj vòl koridò dròn lan disponib [isit la](#)

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke Sit Tès Sistèm Avyon San Pilòt (Uncrewed Aircraft Systems, UAS) New York la te jwenn apwobasyon Administrasyon Aviyasyon Federal (Federal Aviation Administration, FAA) la pou vole sistèm avyon san pilòt - ke yo rele souvan dròn - odela liy vizyèl la atravè tout 80 km espas ayeryen ki nan Koridò Dròn New York la. Otorite vòl sa a pral bay NUAIR, ki se operatè koridò sistèm avyon san pilòt la, kapasite pou vole dròn sivil soti nan Ayewopò Entènasyonal Syracuse (Syracuse International Airport) la rive nan Ayewopò Entènasyonal Griffiss (Griffiss International Airport) nan Rome san yo pa bezwen obsèvatè vizyèl yo. Deziyasyon FAA a pral ede debloke tout potansyèl ak avantaj ekonomik dròn komèsyal yo ak operasyon mobilite ayeryen avanse, ki gen ladan transpò kago ak pasaje atravè avyon san pilòt.

"Koridò dròn modèn New York la solidifye davantaj pozisyon eta a kòm lidè mondyal nan mache k ap evolye sa a pou teknoloji dròn dènye kri", **Gouvènè Hochul te deklare.**

"Atravè investisman kontinyèl nou ak konsantrasyon sou operasyon koridò dròn yo, n ap ranfòse ak grandi ekonomi rejyonal yo nan New York Santral, Mohawk Valley, ak nan tout eta a pou jenerasyon k ap vini yo."

Gouvènè Hochul te anonse tou ke eta a pral bay NUAIR yon lòt 21 milyon dola nan finansman Inisyativ Revitalizasyon Rejyon Nò CNY Risin lan pou kiltive sant endistri UAS ki pi epòtan nan mond lan otou koridò New York Santral ak Mohawk Valley a.

Pwojè a pral pèmèt yo teste ak deplwaye enfrastrikti enpòtan yo pou pèmèt aplikasyon endistri avanse, adopsyon UAS ajans eta a, ak devlopman mendèv ki asosye.

Sit Sès sistèm Avyon San Pilòt Eta New York la, kiposede pa Konte Oneida, se youn nan sèlman sèt sit tès sistèm avyon san pilòt ke Administrasyon Aviyasyon Federal la deziyen nan nasyon an.

NUAIR deja ap ede yon pakèt ajans eta a entegre dròn nan operasyon pa yo, tankou enspeksyon pon ak enfrastrikti ak Otorite Thruway NYS la, konsèvasyon anviwònmantal ak NYS DEC ak plis ankò. Deziyasyon FAA pwolonje sa a ak finansman adisyonèl pral estimile inovasyon endistri UAS nan Eta New York, sa ki pèmèt plis devlopman operasyon dròn ki efikas ak konsyan ekolojik ki pral konplete chèn apwovizyonman ki enpòtan nan tout Eta New York la.

Gouvènè a te anonse tou ke NUAIR te antre nan yon akò ak VPorts ki baze nan Quebec, yon lidè mondyal nan konsepsyon, konstriksyon ak operasyon enfrastrikti Mobilite Ayeryen Avanse, pou devlope Koridò Mobilite Avanse inik entènasyonal ant Ayewopò Entènasyonal Syracuse ak Kebèk, Kanada. Koridò a gen pou objektif pou bati yon ekosistèm ki pral bay yon platfòm pou operasyon transpò kago komèsyal konplè lè li sèvi avèk avyon elektrik pou dekolaj ak aterisaj vètikal oswa gwo dròn ki menm gwosè ak elikoptè.

Direktè Egzekitif Jeneral NUAIR la, Ken Stewart, te deklare, "Jodi a make yon etap enpòtan pou NUAIR ak eta New York, sa ki reyafime lidèchip li nan entegre dròn yon fason ki an sekirite nan espas ayeryen nasyonal la epi pèmèt pwochèn faz operasyon Mobilite Ayeryen Avanse yo. Koridò 80 km sa a ant Rome ak Syracuse NY inikman anglobe tout eleman ak enfrastrikti ki enpòtan yo pou komèsyalize aplikasyon UAS tankou enspeksyon transpò ak enfrastrikti sèvis piblik, lojistik medikal, konsèvasyon anviwònmantal, ak operasyon sekirite piblik yo."

Direktè Egzekitif Otorite Ayewopò Rejyonal Syracuse la, Jason Terreri, te deklare, "Vizyon nou se pou nou vin pi gwo ayewopò sèvis komèsyal nan Etazini pou operasyon UAS/eVTOL nan ayewopò yo, sipò enfrastrikti, ak devlopman. Tan anons sa a pèmèt nou amelyore sipò nou nan inisyativ lokal ki konsantre sou UAS ak òganizasyon ki gen ladan NUAIR, GENIUS NY, ansanm ak anpil lòt konpayi milti-nasyonal ki baze isit la nan New York Santral. SYR aspire tou pou rekonekte kominote ki te deja separe ak opòtinite ekonomik akòz yon mank enfrastrikti transpò tradisyonèl. Vin yon patnè nan kreye koridò AAM lan pral pèmèt kominote ki pa jwenn ase sèvis yo yon nouvo altènatif transpò ki pral rekonekte kominote sa yo epi ki pral bay lòt opòtinite ekonomik pou manm li yo."

Prezidan ak Fondatè VPorts la, Doktè Fethi Chebil, te deklare, "Travay apwofondi NUAIR ak patnè yo te fè nan kad yon dènye lòd travay NASA AAM te ban nou konfyans nou te bezwen pou chwazi NUAIR pou patisipe nan etabli koridò entènasyonal Kebèk-Syracuse la, ki pral kontribiye nan devlopman, entegrasyon, ak akseptabilite sosyal nan

Mobilite Ayeryen Avanse. Inisyativ sa an akò ak anbasyon ak vizyon nou pou konstwi ak opere 1,500 ayewopò vètikal atravè mond lan anvan 2045."

New York te travay pou etabli tèt li kòm premye destinasyon nasyon an pou dròn ak biznis endistri UAS ki gen rapò ak nan rejyon New York Santral ak Mohawk Valley. Depi 2016, eta a ap fè envèstisman solid pou ranfòse endistri a, tankou:

- Yon premye envestisman 35 milyon dola pou devlope sistèm jesyon sikilasyon vòl UAS ki mezire 80 km;
- 9 milyon dola pou Skydome, etablisman tès dròn enteryè Konte Oneida a,
- Plis pase 25 milyon dola pou senk tou nan konpetisyon GENIUS NY la, yon pwogram ke Tech Garden CenterState CEO a ap administre nan Syracuse ki ofri antreprenè endistri yo espas enkitabè, resous konpayi, pwogramasyon ak konsèy ak kondisyon pou ganyan yo etabli operasyon yo nan rejyon an pou omwen yon ane; epi
- 16.6 milyon dola nan envestisman kontinyèl pou ekspansyon Tech Garden nan anba lavil Syracuse pou ede devlope efò endistri UAS li yo.

Envestisman kontinyèl New York nan endistri sible a nan New York Santral ak Mohawk Valley te mennen tou nan envestisman prive tou. An 2018, sis konpayi, ki gen ladan de konpayi entènasyonal, te angaje nan kreye opòtinite nan tou de rejyon yo apre plis pase 6.2 milyon dola nan plizyè sipò eta ki te disponib atravè Fon pou Travay Santral UAS (UAS Central Job Fund) la.

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Hope Knight, te deklare, "Sipòte teknoloji inovan ak endistri k ap emèje yo ki pral kreye travay demen yo nan nwayo misyon ESD a. Nan travay ansanm ak Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal (Regional Economic Development Councils, REDC) Eta a, nou konsantre sou ogmantasyon endistri UAS la nan New York Santral ak Mohawk Valley. Deziyasyon FAA sa a reprezante yon lòt etap enpòtan ankò nan asire kwasans kontinyèl sektè UAS la nan Eta New York."

Senatè Chuck Schumer te deklare, "Site Tès UAS ke mwen te goumen ak tout zam nou pou garanti a nan Ayewopò Entènasyonal Griffiss la te fè Mohawk Valley yon sant enpòtan nan inovasyon UAS, avanse dekouvèt enpòtan nan teknoloji dènye kri, ak sipòte dè santèn travay ki byen peye. Kounye a, ak nouvo apwobasyon FAA sa a, kanpis dròn dènye modèl New York la pral vole pi wo pase anvan. Syèl la se limit pou inovasyon ak potansyèl ekonomik k ap soti nan Mohawk Valley epi mwen pral toujou goumen pou ede Konte Oneida rive nan yon lòt nivo."

Senatè Eta a, Rachel May, te deklare, "Li toujou enteresan pou wè ekspansyon nouvo opòtinite nan Koridò Dròn New York la. Apwobasyon FAA a pou opere sistèm avyon san pilòt odela liy vizyèl la pèmèt zòn nou an atire epi kenbe biznis yo epi kontinye kwasans ekonomik nou te wè pandan plizyè ane ki sot pase yo. Mèsi, Gouvènè Hochul,

pou sipò kontinyèl ou ak 21 milyon dola nan finansman eta a pou plizyè pwojè UAS nan NUAIR, ki pral simante rejyon nou an davantaj kòm yon lidè nan endistri a."

Senatè Eta a, John W. Mannion, te deklare, "Endistri UAS New York Santral la kontinye grandi epi pote travay ki byen peye nan Syracuse. Nouvo deziyasyon FAA sa a pral debloke plis opòtinite pou konpayi dròn yo fè rechèch, devlope ak fabrike teknoloji avanse nan Eta New York. Mwen felisite Gouvènè Hochul pou angajman fèm li nan travay ak lejislati a pou fè envèstisman yo ak kreye kad politik piblik ki sipòte konpayi yo, anplwaye yo, ak kominote kote inovasyon sa yo ap fèt."

Senatè Eta a Joseph Griffo te deklare, "Mwen kontan ke Administrasyon Aviyasyon Federal la te apwouve yon deziyasyon odela liy vizyèl la pou koridò dròn lan ant Ayewopò Entènasyonal Syracuse ak Ayewopò Entènasyonal Griffiss nan Rome. Deziyasyon sa a, ansanm ak finansman ki soti nan Inisyativ Revitalizasyon Rejyon Nò CNY Rising lan, pral kiltive ak amelyore UAS ak teknoloji ki gen rapò ak dròn nan Mohawk Valley ak New York Santral."

Manm Asanble William Magnarelli te deklare, "Koridò dròn Eta New York la pral etabli New York Santral kòm yon lidè mondyal nan endistri sistèm avyon san pilòt la. Pèmèt odela liy vizyèl nan rejyon sa a ogmante opòtinite pou avansman biznis nan New York Santral ak Mohawk Valley pandan y ap fè konpetisyon pou kenbe pozisyon yo nan tèt inovasyon an nan endistri sa a."

Manm Asanble Pamela Hunter te deklare, "Aprè anons Micron an, apwobasyon FAA a pou yon koridò dròn 80 km pou tès sivil yo ranfòse pozisyon New York Santral ak endistri k ap grandi rapidman yo. Inovasyon nan itilizasyon drò siviln yo fèk kòmanse epi mwen akeyi deziyasyon FAA a. Koridò abèy sa a pral akselere pwogrè teknoloji nan endistri a epi bay pi gwo opòtinite pou rejyon nou an."

Manm Asanble Al Stirpe te deklare, "Plis gwo nouvèl pou Santral New York! Deziyasyon Odela Liy Vizyèl Sit (Beyond Visual Line of Site, BVLOS) la pa FAA fè koridò dròn 80 km nou an inik. Rejyon nou an pral tounen kote tout moun bezwen vini pou nenpòt konpayi UAS ki serye. 21 milyon dola adisyonèl ki soti nan Inisyativ Revitalizasyon Rejyon Nò CNY Rising lan pral amelyore sant UAS nou an, sa k ap atire lòt konpayi ki bezwen teste ekipman ak aplikasyon yo, ansanm ak fòmasyon mendèv pou ede devlopman endistri a nan rejyon nou an."

Manm Asanble, Marianne Buttenschon, te deklare, "Griffiss Business Park kontinye grandi epi sa se yon lòt gwo egzanp kwasans li. Mwen vle remèsye Gouvènè a, manm ekip Devlopman Empire State la, ak lidèchip Konte Oneida pou sipò kontinyèl yo nan avanse teknoloji pou kenbe kominote nou yo an sekirite pandan y ap ankouraje devlopman ekonomik."

Kad Egzekitif Konte Oneida, Anthony J. Picente Jr., te deklare, "Konte Oneida kontinye rete episan mondyal pou devlopman ak entegrasyon dròn. Investisman nou te fè nan Ayewopò Entènasyonal Griffiss la, ki gen ladan Sit Tès UAS nou an, Skydome

ak Sant Avansman Innovare, ansanm ak patenarya enpòtan nou ak NUAIR, solidifye pozisyon sa a pi wo pase tout lòt. Apwobasyon FAA pou koridò dròn lan ant Rome ak Syracuse ak kwasans kapasite NUAIR yo pral kontinye leve nou ak tout endistri a nan yon lòt nivo."

Chèf Egzekitif Konte Onondaga a Ryan McMahon te deklare, "Sa a se yon lòt jou enteresan pou New York Santral pandan n ap kontinye bati momantòm ak investisman nou te fè nan endistri UAS la. Avèk dènye apwobasyon FAA sa a, potansyèl la pa gen limit pou endistri enpòtan sa a." McMahon kontinye, "Felisitasyon pou NUAIR ak tout patnè ki fè jodi a posib."

Majistra Rome lan Jacqueline M. Izzo, te deklare, "Anons jodi a sou deziyasyon 8 km odela liy vizyèl sit la (BVLOS) ranfòse koridò tès dròn UAS la. Vole dròn libreman soti Syracuse pou rive Rome san yo pa bezwen enspektè vizyèl yo pral kreye done ak rezilta tès reyèl pou debouche teknoloji UAS nan espas ayeryen reglemante ansanm ak avyon komèsyal yo. Sit tès UAS Rome lan kontinye avanse an tèm teknoloji tès enpòtan k ap deplase nan direksyon livrezon kago ak dròn, founiti medikal ak plis ankò nan espas ayeryen komèsyal la. Tès UAS avanse ki fèt chak jou nan etablisman Griffiss la vrèman fè yon diferans nan deplwaman teknoloji dròn atravè lemond",

PDG ak Prezidan CenterState la, Rob Simpson, te deklare, "Pandan deseni ki sot pase a patnè rejyonal nou yo te travay pou pozisyon rejyon sa a kòm yon lidè mondyal nan sektè sistèm san pilòt la epi jodi a lidèchip sa a te konfime," li te deklare, "Deziyasyon ofisyèl koridò BVLOS rejyon ki mezire 80 km an ant Syracuse ak Rome make yon etap enpòtan nan efò kolektif ak vizyon pataje sa yo." Investisman san parèy Eta New Yoek nan sektè sa a ak lidèchip NUAIR te pozisyon kominote nou an nan tèt endistri enpòtan globalman sa a, sa k ap mennen opòtinite ekonomik pou kominote yo atravè New York Santral ak Mohawk Valley."

Enfòmasyon sou NUAIR

NUAIR (Northeast UAS Airspace Integration Research Alliance, Inc.) se yon òganizasyon san bi likratif ki baze nan New York ki gen yon misyon pou entegre sistèm avyon san pilòt (UAS) san danje nan espas ayeryen nasyonal la, ki pèmèt operasyon dròn komèsyal evolutif, ki ekonomikman vyab. NUAIR jere operasyon Sit Tès UAS New York ki deziyen FAA a nan Ayewopò Entènasyonal Griffiss la, Rome, NY nan non Konte Oneida epi li responsab avansman Koridò UAS 80 km New York ant Rome ak Syracuse, NY. <https://nuair.org>

Enfòmasyon sou VPorts

VPorts ap fòme devlopman alavni nan mobilite avanse ki an sekirite ki baze sou enfrastrikti dirab. Li gen pou objektif pou konstwi ak opere 1,500 ayewopò vètikal atravè senk kontinan avan 2045. Enfrastrikti li yo pral entegre nan ekosistèm mobilite ayeryen lokal ak mondyal lè yo adopte yon apwòch responsab, santralize operasyon li yo ak pwofite teknoloji ki pi avanse. Biwo prensipal VPorts sitiye nan Mirabel, Kebèk. <https://vports.com/>.

Akselere CNY Rising

Anons jodi a vin konplete pwojè "CNY Rising", ki se plan global rejyon an pou jenere kwasans ekonomik ki djanm ansanm ak devlopman kominote a. Plan ki fèt sou plan rejyonal la konsantre sou kapitalizasyon mache global yo, ki ranfòse antreprenarya epi kreye yon ekonomi ki enklizif. Kounye a, rejyon an ap akselere CNY Rising kounye a ak yon envestisman 500 milyon dola Eta a atravè Inisyativ Revitalizasyon Rejyon Nò a (Upstate Revitalization Initiative). Investisman 500 milyon dola eta a ap ensite biznis prive yo investi plis pase 2.5 milya dola – e plan rejyon an, jan li soumèt la gen pwojè pou plis pase 5,900 nouvo djòb. Gen plis enfòmasyon ki disponib isit la.

Enfòmasyon sou Empire State Development

Empire State Development (ESD) se prensipal ajans devlopman ekonomik New York (www.esd.ny.gov). Misyon ESD se pou pwomouvwa yon ekonomi ki djanm ak pwospè, ankouraje kreyasyon nouvo travay ak opòtinite ekonomik, ogmante resèt pou Eta a ak minisipalite li yo, epi fè ekonomi lokal yo vin estab ak divèsifye. Gras a itilizasyon prè, sibvansyon, kredi taks ak lòt fòm asistans finansye yo, ESD ap fè efò pou amelyore investisman biznis prive ak kwasans pou sipòte kreyasyon travay epi sipòte kominote pwospè yo toupatou nan Eta New York. ESD se egalman ajans administratif prensipal k ap kontwole Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal (Regional Economic Development Councils) la ak komèsyalizasyon "I LOVE NEW YORK", mak touris anblematik Eta a. Pou w jwenn pils enfòmasyon sou Konsèy Rejyonal yo ak Empire State Development, vizite www.regionalcouncils.ny.gov and www.esd.ny.gov.

###

Lèt nouvell disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418